



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 4 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWEN ESANSYÈL SOTI NAN FÈM 2014 A SOMÈ AGRIKILTÌ TAB NO-SID

Gouvènè Adjwen Duffy te òganize premye somè ki pat janm fèt anvan, ede ranfòse ekonomi agrikòl Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te montre pwen esansyèl yo ki te soti nan premye somè agrikòl Farm to Table Upstate-Downstate, sa ki te entwodui nan diskou 2014 Gouvènè a sou siti yasyon Eta. Objektif somè a se te pou eksplòre fason pou ogmante aksè a manje fre pou popilasyon ki defavorize yo ak aksè nan mache vil New York kap grandi a pwodiktye agrikòl nan pati nò a kòm yon mwayen pou ranfòse pwodiksyon nan eta ak konsomasyon. Gouvènè Adjwen Robert J. Duffy te prezide nan premye somè espesyal la, sa ki te fèt jodia nan vil New York.

“Youn nan motè ekonomik New York ki pi solid se koneksyon ant endistri agrikòl plizyè-milya dola ak anpil restoran nivo mondyal ak mache yo nan zòn vil New York. Jodia nou te prezante plan nou pou ranfòse relasyon sa epi mennen sektè touris ak agrikòl eta nan pwochen nivo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè yo kenbe revni yo ki jenere nan fèm nou yo ak tab isit la nan New York, nou ka kreye plis travay ak opòtinite nan kominote yo nan Eta, e mwen fyè pou m rejwenn biznis nou yo ak patnè kominotè yo pou grandi pati enpòtan sa a nan ekonomi eta nou an.”

“Somè jodia te bay yon varyete lide pou plis ranfòse ekonomi agrikòl eta, e mwen te fyè pou m prezide yon evènman konpreyansif konsa,” Gouvènè Adjwen Robert J. Duffy te deklare. “Gouvènè Cuomo te yon lidè ak inovatè nan chèche nouvo fason pou tire pati nan endistri agrikòl nou an avèk mache nan sid la. Mwen aplodi l pou efò l epi remèsye lidè yo nan vil New York paske yo te òganize evènman jodia pandan nap avanse pou elaji patenarya sa a.”

“Soti nan mache agrikiltè pou rive a twati fèm a fabrikasyon manje, sa a se yon pati nan ekonomi nou an kap grandi a pa jeyan. Somè Farm to table Gouvènè a bon pou agrikiltè a pwodiktye yo nan pati nò a, epi bon pou restoran ak sèn gastwonomik kap agrandi,” te deklare Majistra Adjwen NYC pou Lojman ak Devlopman Ekonomik Alicia Glen. “Sa yo se kalite patenarya ki pral vle di plis opòtinite pou moun nou yo e ki pral fè vil nou an vin pi dinamik yon kote pou abite ak vizite. Nap rete tann pou n travay avèk

Gouvènè a ansanm avèk patnè nou yo toupatou nan eta pou kontinye bati yon ekonomi alimantè lokal solid.”

Yo te pote yon kantite lide ak pwochen etap nan kad rezilta somè a ki gen ladan:

- **Mache Kiltivatè Rejyonal An gwo**— Gouvènè a angaje pou devlope yon mache kiltivatè rejyonal an gwo, ak gouvènman eta pral travay avèk patnè lokal ak prive yo pou idantifye resous a sit apwopriye. Mache sa a pral pèmèt endistri agrikòl la ogmante aksè a mache metropoliten pou pwodikè yo, pandan lap bay yon varyete bon jan kalite manje, a bon mache pou kominote yo. Li pral sèvi tou kòm yon sant agregasyon ak etablisman pwosesis pou ede pwodikè nan nò ak pwosèsè yo nan sibla pwokirasyon enstitisyonèl ak sektè prive a.
- **Elabore yon plan daksyon gwoup travay ak yon sant alimantè rejyonal** - Nouvo gwoup travay sa a pral gen ladan moun ki gen enterè ki ekilibre soti nan nò ak nan sid New York, enkli manm nan gouvènman vil New York ki te nome pa Majistra Bill de Blasio, ansanm avèk manm nan gouvènman vil New York ki te nome pa Gouvènè Andrew Cuomo. Travay ansanm, yo pral devlope yon plan pou elaji distribisyon manje rejyonal nan mache vil New York. Yo pral prezante yon rapò bay Gouvènè Cuomo sou fason pou elaji sant alimantè rejyonal nan eta New York nan pwochen 90 jou yo.
- **Pwogram Agrandisman Bwat Manje** – Pwogram sa a reponn a angajman Gouvènè Cuomo pou ogmante aksè manje lokal a kominote ki defavorize yo nan elaji konsiderableman modèl bwat manje ki deja gen siksè a pati nò eta ak katye yo nan pati sid la. Pwogram sa a pral pèmèt kominote ki defavorize, ki gen revni fèb yo pou achte fri ak legim lokal fre Eta New York. Konsomatè yo ka itilize benefis SNAP yo pou peye pou bwat manje yo sou yon baz chak semèn oswa chak de-semèn. Pwogram sa a pral konble eka ant agrikiltè ak konsomatè yo; agrikiltè yo pral benefisye nan vann plis pwodui; e konsomatè yo pral benefisye nan jwenn aksè a bon jan kalite manje fre. Finansman eta pral kouvri depans administratif ki asosye avèk òganizasyon kalifye e konpetitif chwazi plis akizisyon, transpòtasyon, distribisyon ak edikasyon nitrisyon. Eta New York angaje \$500,000 dola pou inisyativ sa a.
- **Achte NY** - Gouvènè Cuomo te anonse yon nouvo inisyativ ki rele “Buy NY,” yon efò konjwen avèk Depatman Agrikilti Eta & Mache, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Biwo Sante Mantal, Depatman Sante, Biwo Sèvis Jeneral ak Ekstansyon Koperativ Cornell, objektif la se pou tire pati nan kontra santralize ki egziste deja osijè achte pwodui alimantè eta, enkli pwodui letye ak pwodui yo. Youn nan objektif inisyativ la se pou ede eta ak gouvènman lokal yo ogmante acha pwodui agrikòl lokal yo nan enstitisyon gouvènman dirije tankou lopital, kolèj, prizon ak lòt etablisman yo. Yon nouvo sitwèb “Buy NY” te lanse pa Biwo Sèvis Jeneral nan janvyè pou bay yon pòtal pou eta ak gouvènman lokal yo pou aprann plis osijè acha pwodui ki fèt nan Eta New York. Li pral ede tou nan edike pwodikè agrikòl New York ak distribitè yo osijè sistèm kontra eta, sa ki disponib nan tout 62 konte yo ak plizyè santèn minisipalite nan eta.

- **Kou Sètifikasyon Mache Agrikiltè SUNY [SUNY Farmers' Market Certification Course]** – Eta, an koperasyon avèk Federasyon Mache Agrikiltè New York ak sis kanpis SUNY, pral devlope yon kourikoulòm pou amelyore kalite ak pèfòmans mache agrikiltè yo nan eta. Kou sa yo pral ede manadjè mache yo amelyore pwomosyon mache kiltivatè yo ak nenpòt pwogram rekonpans ki baze sou mache ke yo ofri nan mache kiltivatè yo.
- **Taste NY Tour Gastwonomik** – Inisyativ sa a pral ofri vizit pou pati sid la restoratè yo nan fèm ki nan pati nò a pou kiltive relasyon ki pi solid biznis-a-biznis ant de antite yo.
- **Ogmante sansibilizasyon nan Biwo Taste NY nan Brooklyn** – Sou demann Gouvènè a, nouvo biwo Taste NY ki fenk fòme nan Brooklyn lan pral ogmante sansibilizasyon pou wo trafik atraksyon touris nan vil New York avèk objektif pou elaji opòtinite ekonomik pou pwodiktè agrikòl Eta New York yo.

Gouvènè Cuomo te fè ouvèti nouvo mache ak ogmante opòtinite pou pwodiktè agrikòl Eta New York yo yon priyorite, angaje pou ogmante biznis ant pwodiktè nò yo ak konsomatè sid yo atravè endistri plizyè milya dola Eta. Sa a te reyalize nan kreye nouvo mache pou pwodiktè agrikòl yo, ogmante pouvwa “acha lokal” enstitisyon eta epi fasilite koneksyon pou ankouraje kwasans ekonomik pandan lap kenbe lajan mache alimantè New York nan Eta.

Nan ane 2011, Gouvènè a te kreye Mache Kiltivatè FreshConnect pou ogmante aksè a bon jan kalite manje, ki grandi lokalman epi adrese kesyon manje dezè nan zòn iben Eta. Administrasyon an te envesti \$3.6 milyon dola nan sant manje nan Canastota, Kingston, Groton, Canton ak Riverhead, bay yon anplasan pou agrikiltè yo livre machandiz yo ak pou trete yo pou distribisyon nan restoran, boutik ak konsomatè yo.

Gouvènè a te egalman kreye youn nan inisyativ maketing ki pi efikas nan istwa Eta New York, Taste NY, objektif la se pou montre mond lan pwodui agrikòl nivo mondyal New York a mas yo nan magazen, evènman ak inisyativ spesyal. Pa twò lontan de sa li te anonse nouvo faz Taste NY, sa ki pral gen ladan yon sit entènèt renove avèk opsyon acha sou entènèt, magazen Taste NY ak distribitè otomatik nan tout kanpis SUNY ak CUNY, elaji opsyon Taste NY nan tout 27 plaza vwayaj New York State Thruway, pwodui adisyonèl Taste NY nan distribitè otomatik yo ak yon aplikasyon telefòn mobil.

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Antanke agrikiltè, nou viv ak travay sèlman kèk èdtan de pi gwo zòn metropoliten apeti nan mond lan Vil New York. Potansyèl pou agrikiltè nan pati nò a pou eksplwate mache sa a san limit e nou sèlman bezwen pou konekte pwen yo pi byen. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Duffy paske yo te konvoke somè enpòtan sa a, sa ki pral ede elaji nouvo mache pou pwodiktè nou yo epi devlope ekonomi agrikòl eta nou an.”

Biwo Sèvis Jeneral Komisyonè a RoAnn Destito te deklare, “Gouvènè Cuomo te elaji volim pwodui alimantè Eta New York achte ak gouvènman lokal yo yon priyorite. Travay avèk Ag ak Mache, DOCCS, ak OMH ansanm avèk patnè nou yo nan Ekstansyon Koperativ Cornell, nou te deja ogmante acha atik ki

pwodui ak devlope nan eta New York sa ki gen ladan pòm, pomdetè, zonyon, chou, ak yogurt. E nou planifye pou kontinye travay avèk ajans yo, enstitisyon, ak lekòl yo pou ede yo ajoute plis atik manje ki pwodui lokal nan meni yo.”

Prezidan Devlopman Empire State, PDG ak Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Pwogrè ki te fèt nan premye somè Farm to Table pral ede ranfòse koneksyon ant agrikiltè nan nò ak mache nan sid la epi pwomote pwodui agrikòl New York yo. Mwen konplimante Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Adjwen Duffy sou efò kontinyèl yo pou ranfòse ekonomi agrikòl eta atravè inisyativ tankou Taste NY, Nouvo Fon Sibvansyon Agrikiltè yo, ak somè pwodui letye sa ki ede agrikiltè nou yo epi kreye travay.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride